# OQİTİWDA KOGNITIV PEDAGOGIKALİQ TEXNOLOGIYALARDİŃ ORNİ HÁM ÁHMIYETI

**M.A.Pazılov** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** zamonaviy ta’lim, kognitiv texnologiya, algoritm, optimallashtirish, intensivlashtirish, evristika, kompetensiya, paradigma.
**Ключевые слова:** современное обучение, когнитивные технологии, алгоритмы, оптимизация, интенсификация, эвристика, компетенции, парадигма.
**Key words:** modern learning, cognitive technologies, algorithms, optimization, intensification, heuristics, competencies, paradigm.

Elimizde uqıplı jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw, olardı materiallıq hám ruwxıy jaqtan qollap-quwatlaw, jaratıwshılıq hám dóretiwsheńligin rawajlandırıw maqsetinde qániygelestirilgen mektep sisteması shólkemlestirildi. Qala berdi «Ruwxıy tárbiyanı bahalawdıń ilmiy tiykarlangan indikatorların islep shığıw; mekteplerdi haqıqıy ruwxıy bilimlendiriw oshağına aylandırıw ushın tálim-tárbiyanıń interaktiv usılların qollanıw» [1] máseleleri Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasında óz aldına bağdar sıpatında belgilep berildi.

Álbette insan ómiri dawamında social-ekonomikalıq hám kásiplik múnásibetlerge kirisiwi, jámiyette óz ornın iyelewi, hár qanday jağdayda da dus keliwi múmkin bolğan mashqalalarınıń sheshimin dárhal tabıwı, bunıń ushın zárúr kompetenciyalardı iyelewi kerek. «Bazar qatnasıqlarında-deydi, akademik J.Bazarbaev óz miynetlerinde, -ruwxıy bay hám ádep-ikramlı, qábiletli, bilim dárejesi joqarı hám tereń, ziyrek, isbilermen, issheń adamlar zárúr» [2:133]. Bunıń ushın ilim-bilim sırların puxta iyelewi, mekteplerde oqıtılatuğın hár bir pánniń ózine say ózgesheliklerin aqlıy jaqtan túsinip barıwı kerek.

Zamanagóy pedagogika iliminiń metodikalıq hám ámeliy texnologiyalarınan kognitiv paydalanıw imkaniyatların kórip shığıw zárúrligi artıp barmaqta. Sebebi, insaniyat ómiriniń mazmunına aylanıp atırğan zamanagóy texnologiyalar hám olardıń insan sanasına tásiri, pedagogika ilimine, oqıwshılardı shaxs sıpatında tárbiyalawdı, aqıl-sanasın rawajlandırıwdı hám tálim-tárbiyada kózlegen maqsetke erisiwde kognitiv oqıtıw usıllarına bağdarlanğan pedagogikalıq texnologiyalardı jetilistiriw máselesin payda etti. Bul bolsa kognitiv psixologiyalıq usıllar menen birlestirilgen pedagogikalıq texnologiyalardıń ayrıqsha ahmiyetke iye ekenliginen derek beredi.

Bunday kognitiv pedagogikalıq texnologiyalarğa biz dástúriy tálim, oqıtıwdı algoritmlestiriw, oqıtıwda kognitiv iskerlikti jetilistiriw, oqıtıwdı optimallastırıw, oqıtıwdı intensivlestiriw, mashqalalı oqıtıw, evristikalıq tálim h.t.b atap ótiw orınlı.

**Dástúriy tálim:** «oqıw procesin belgilengen oqıtıw dástúri tiykarında shólkemlestiriw» [3:117], bunda oqıw materialların kishi bólimlerge bóliw hám onı belgili bir tártipte úzliksiz túsindiriw názerde tutıladı.

**Oqıtıwdı algoritmlestiriw:** «qanday da bir háreketler sistemasın, belgili bir tártibte orınlaw haqqındağı anıq tártip-qağıyda» [4:48]-bolıp, sabaq procesinde oqıwshılar tárepinen sheshiliwi tiyis bolğan másele yamasa mashqalardıń sheshimin tabıwğa izbe-iz imkaniyat payda etiwshi oqıtıw metodı esaplanadı.

**Oqıtıwda kognitiv iskerlikti jetilistiriw:** Oqıwshılardıń «oqıtıwshı tárepinen qoyılğan másele yamasa mashqalalardıń sheshimin tabıwında, bilim hám háreket usılların ózlestiriw ózin-ózi rawajlandırıw procesi» [5:506] bolıp, bul kóbinese mağlıwmattı qabıl etiw, este saqlaw, talqılaw (analizlew), mağlıwmattın mazmunı hám mánisine itibar beriw, basqalarğa túsindiriw yağnıy sóylew arqalı, ondağı komponentlerdi biliwge, úyreniwge qaratılğan aqlıy iskerlik bolıp esaplanadı.

**Oqıtıwdı optimallastırıw:** «Ilmiy tiykarlangan oqıw materialların tańlaw hám onı úyreniwdiń qolaylı variantın ámelge asırıw arqalı unamlı nátiyjege erisiw» [6,4]di bildiredi. Bunda optimallastırıwdıń tiykarğı wazıypası, belgisizden belgilige, túsiniksizden túsiniklige, awırdan jeńilge ótiw procesin támiyinlewden ibarat. Bunda waqıt hám kúshti sarıplaw racionallıgı menen háreketleriniń maksimal nátiyjelerin esapqa alıw múmkin boladı.

**Oqıtıwdı intensivlestiriw:** «Keń kólemli oqıw mağlıwmatların beriw arqalı, qáliplesken bilimlerdiń sapalılığına itibar qaratıw» [6:6]. Bunda oqıwshılardıń kognitiv oylaw processlerinde bir qatar qolaylıqlarğa iye boladı, jáne bir abzallıq tárepi oqıwshılardıń bir-biri menen pikir almasıwına tiykarlanadı.

Keltirilgen kognitiv texnologiyalardan oqıtıw procesinde paydalanıwda processti háreketke keltiriwshi psixologiyalıq ózgeshelikler, erk, qatańlıq, dıqqattı jámlew, sonday-ak, ádep-ikramlılıq hám juwapkershilikti seziw sıyaqlı insanıylıq páziyletleri de jetilisip barıwı sózsiz. Bunday ózgeshelikler oqıwshılarda úyreniwge, oqıp bilim alıwğa bolğan motivaciyalarına túrtki beriwi múmkin. Yağnıy kognitiv oqıtıw procesinde hám motivaciyalıq, hám funkcional háreketler insannıń ishki keshirmelerinen ibarat boladı.

Sonday-aq, kognitiv pedagogikalıq texnologiyalardı, tálim sapalılığın jetilistiriw maqsetinde kollanıwda táreplerdiń óz ara birge islesiwi, yağnıy oqıtıwshı hám oqıwshı arasındağı múnasibetleri de áhmiyetli esaplanadı. Sebebi, bir maqset jolında islengen háreket, onıń ushın qollanılatuğın predmetler, oqıw procesinde alıp barılatuğın tálim-tárbiya jumısları ilimde birge islesiw, yağnıy sheriklik principleri tiykarında alıp barıladı. Sonlıqtan da oqıwshı passiv obyektke aylanıp qalmastan, belsendi oqıwshığa aylanıw arqalı, ózindegi oqıwğa bolğan intasın, miynetke bolğan qızığıwshılıqları jetilistiriwshi uqıplı, qábiletli oqıwshığa aylandıradı.

Kognitiv oqıtıw procesiniń quramlı elementi, onıń mazmunı bolıp, bunda sociallıq tájiriybe yamasa sociallıq mádeniyattıń bir bólegi sıpatında belgilenedi. Bárshege málim oqıw procesinde ótiletuğın taqırıptıń (temanıń) mánisi hám mazmunı bir qatar funkciyalardı atqaradı. Sebebi, taqırıp (tema) boyınsha jıynalğan mağlıwmatlar tálim procesiniń tiykarğı jumısı bolıwı menen birgelikte oqıtıwshı hám oqıwshılardıń úyreniwi tiyis bolğan obyekti sıpatında da kórinedi. Bul arqalı oqıtıwshı oqıwshılardıń aqıl-oyına, sanasına, ishki keshirmelerine, tálim-tárbiyasına, ádep-ikramlılığına hám mádeniyatına tásir etedi. Oqıwshılar bolsa berilgen mağlıwmatlardı, ózindegi intası, talapshańlığı, uqıbı menen úyrenedi, sanasında qayta isleydi, túsinedi, átirapındağılarğa túsindiriw arqalı óz bilimlerin jetilistirip baradı.

Sonıń menen birge kognitiv pedagogikalıq texnologiyalarğa, oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwshı, erkin pikirlewin qáliplestiriwshi texnologiyalarda bar bolıp, olar joqarıda atap ótkenimizdey evristikalıq hám mashqalalı oqıtıw texnologiyaları dep ataladı. Bul boyınsha ilimiy dereklerde «Evristikalıq hám mashqalalı oqıtıw texnologiyaları arqalı, oqıwshı oqıw procesinde óziniń subyektiv poziciyasın tabıwı menen birge, tálimniń ilmiy-izertlew tábiyatı támiyinlenedi» [7:42] - degen mağlıwmatlardı kóriwimiz múmkin.

Házirgi waqıtta dástúrge aylangan oqıtıw sistemasında oqıwshılar mağlıwmatlardı jazıp alıwı, zárurlerin yadlap alıwdı talap etetuğınlığı hesh kimge de sır emes hám bunıńda belgili bir dárejede oqıtıw nátiyjeliligin arttırıwda tásiri kúshli. Degen menen bul bilimlerdi turmısta paydalanıw, zárúr waqıtta yadımızda saqlanğan mağlıwmatlardı basqalarğa túsindirip bere almay qalatuğın jağdaylarda ushırap turadı. Bul bolsa oqıw procesinde jazıp alınğan yamasa yadlap alınğan mağlıwmatlar bahalaw

procesine shekem tásir etetuǵın, keyin bolsa maǵlıwmatlardıń umıtılıwına alıp keletuǵın faktor sıpatında kórinedi.

Oqıtıwdıń zamanagóy kognitiv paradigmasın texnika hám texnologiyalardıń jetiskenliklerinde kóriwimiz múmkin. Sebebi, bul texnologiyalar arqalı qanday da bir wazıypalardı orınlaw ushın zárúr maǵlıwmatlardı internet saytları arqalı tez izlep tabıw imkaniyatı kóbirek esaplanadı. Alınǵan maǵlıwmatlardıń qısqa waqıt ishinde ózlestiriliwi hám alınǵan bilimlerdin ámeliyatqa en jaydırılıwı, keń kólemli maǵlıwmatlardı yadlaw arqalı emes, al insannıń intellektual dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan.

Kognitiv pedagogika texnologiyalardıń házirgi waqıttaǵı jetiskenlikleri de, úyreniw, sheshim qabıl etiw hám tártip qaǵıydaların anıqlap, ózin-ózi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵanlıǵı menen baylanıslı bolıp tabıladı. Bunıń nátiyjesinde «ne bolıp atırǵanın hám qanday bolıp atırǵanın túsiniw qábileti qáliplesetuǵın intellektual processti jetilistiriw imkaniyatına iye bolamız» [8:17]. Bunda oqıtıwshı tárepinen berilgen maǵlıwmattıń oqıwshılar tárepinen jetilistirilgenligin kóriwimiz múmkin.

Maǵlıwmat ornında aytıp ótiw kerek Amerikalı ilimpazlar R.Karnikou hám F.Makelroular tárepinen anıqlanǵan maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, «insan maǵlıwmattı oqıp úyrengende 10%, maǵlıwmattı esitkende 20%, kózi menen kórgenleriniń 30%, kórip hám esitkenleriniń 50%, maǵlıwmatlardı túsindirgende 80%, ámeliy qollanǵanda bolsa 90% ózlestiredi» [9:11] eken.

Juwmaqlap aytqanda, tálim-tárbiya procesinde oqıwshılardıń kognitiv oylawın hám iskerligin jetilistiriw, dóretiwshilik qábileti hám uqıbın rawajlandırıw, bul arqalı erkin pikirlewin qáliplestiriw jáhán pedagogika tájiriybelerinde aktual máselelerden bolıp qalmaqta. Sebebi, oqıtıwdıń zamanagóy baǵdarı shaxstıń miynet qatnasıqlarına tayarlıǵı, belgili bir kompetenciyalardı qáliplestiriwde pedagogikalıq hám psixologiyalıq sharayatlardı jaratıwdı óz ishine aladı. Bul bolsa elimizde oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıwda, oqıwshılardıń oqıwǵa, bilim alıwǵa bolǵan intasın jetilistirip, uqıbın rawajlandırıwǵa tásirin tiygizeri sózsiz.

**Ádebiyatlar**


1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining «2022-2026-yillarga moʻljallangan Yangi Oʻzbekistonning taraqqiyot strategiyasi toʻgʻrisida»gi PF-60-sonli Farmoni 71-maqsad. -Toshkent: 28-yanvar 2022.
2. Bazarbaev J. «Ruwxıylıq tiykarları» oqıw qollanba. -Nókis: 2009. 133- b.
3. Hasanboev J., Toʻraqulov X. va bosh «Pedagogika fanidan izohli lugʻat» (qayta ishlangan nashri). -Toshkent: 2009. 117-b.
4. Safarova R. «Pedagogika ensiklopediya» 1-jild. -Toshkent: 2015. 48-b.
5. Amanova G.A. «Talabaning kognitiv faoliyati tuzilishi va turlari» /Academic Research in Educational Sciences/ Volume 4 Issue 4, 2023. 506- b.
6. Лихачева А.Н. «Оптимизация процесса обучения как способ повышения его эффективности в условиях современной образовательной парадигмы» // Научный журнал КубГАУ, №130(06), 2017. -С. 4,6.
7. Намаканов Б.А. «Концепция когнитивных технологий в современной педагогике». / Преподаватель XXI ВЕК. 3/2011. - С. 42.
8. Свечкарев В.П. Конвергентное образование на основе когнитивных технологий – URL: http://pandia.ru/text/80/017/12328.php
9. Лютова Ж.Б. «Применение интерактивных когнитивных образовательных технологий в преподавании дисциплины «Безопасность жизнедеятельности». –С.11. / https://technolog.edu.ru



**REZYUME.** Ushbu maqolada, ta’lim jarayonida kognitiv pedagogika texnologiyalarning oʻrni va ahamiyati xususida soʻz yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена информация о роли и значении технологий когнитивной педагогики в образовательном процессе.

**SUMMARY.** This article will focus on the role and importance of cognitive pedagogy technologies in the educational process.


## JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA BILIM SAPASÍN ASÍRÍW MÁSELELERI


**M.Sabirova –** *úlken oqıtıwshı*

**M.Yerejepov –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch soʻzlar:** sifat, ta’lim, omil, oliy ta’lim, kadrlar, ta’lim mazmuni.

**Ключевые слова:** качество, образование, фактор, высшее образование, кадры, содержание образования.

**Key words:** quality, education, factor, higher education, personnel, content of education.


Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev “Ullı maqsetlerimizge, iygilikli niyetlerimizge jetisiwimiz, jámiyetimizdiń jańalanıwı, turmısımızdıń ilgerilewi hám keleshegi, ámelge asırılıp atırǵan is-ilajlarımız hám rejelerimizdiń nátiyjeli taǵdiri, aldın ala, dáwir talaplarına juwap beretuǵin joqarı tájiriybeli, sanalı, oy-pikirge iye bolǵan qániyge kadrlar tayarlaw mashqalası menen baylanıslı”, dep aytıp ótkeni biykarǵa emes.

Sol sebepli de, mamleket shaxstıń qáliplesiwi hám kamal tabıwında zárúr áhmiyetke iye bir qatar wazıypalardı ámelge asırıwdı óz juwapkershiligine aladı.

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq hám sociallıq ózgerisler, ekonomikanıń innovaciyalıq baǵdarda qáliplestiriliwi, jáhán ekonomikasına integrallasıwı bilimlendiriw sistemasınıń aldındaǵı aktual máseleleriniń biri bolǵan sapalı qánigelerdi tayarlaw wazıypasın qóyadı. Sapalı qánigeni tayarlaw bolsa tek ǵana sapalı bilim ortalıǵında ámelge asırılıwı múmkin.

Bilim sapası hár qanday mámlekettiń tabıslı rawajlanıwında sheshiwshi áhmiyetke iye. Rawajlanǵan mámleketlerde bilim sapası menen belgileniwshi intellektuallıq potencial jámiyettiń párawanlıǵınıń zárúrli faktorına aylanıp atır.

Bilim sapası hám onı támiyinlewshi faktorlar: oqıtıw mazmunınıń fundamentallıǵı, zárúrli mútajliklerdiń qandırılıwı, maqset hám nátiyjelerdiń proporcionallıǵı, bilim alıwshılardıń ózbetinshe islewi, tálim procesi qatnasıwshılarınıń dóretiwshilik iskerligi, basqarıwǵa kompleks jantasıw, pánler aralıq integraciya hám basqalar arasındaǵı baylanıslılıqlardı xarakteristikalawǵa bolǵan hár túrli kóz- qaraslar bar.

Bilim sapası - bul tek ǵana bilim alıwshılardıń biliminiń mámleketlik standartlarına sáykesligi emes, al bilimlendiriw shólkeminiń tabıslı iskerlik kórsetiwi, sonıń menen birge hár bir pedagog hám basshınıń oqıtıw xızmetleriniń sapasın támiyinlewdegi iskerligi de bolıp tabıladı.

Zamanagóy bilimlendiriw mákemesinde bilim sapası erisilgen muǵdarlıq hám sapa nátiyjeleriniń dárejesin, oqıw-tárbiyalıq processti shólkemlestiriw hám ámelge asırıw dárejesin, ol jerde keshetuǵın sharayatlardı sáwlelendiriwshi xarakteristikalar kompleksinde ańlatılatuǵın maqset hám nátiyjelerdiń qatnası sıpatında anıqlanadı.

Dúnyanıń barlıq mámleketleriniń joqarı oqıw orınlarında joqarı bilimlendiriw sapası máselesi eń aktual máselelerdiń biri bolıp kelmekte. Tiykarınan sapalı kardlardı tayarlap, olardıń jámiyette belgili orın iyelewine imkaniyat jaratıw mámlekettiń baslı wazıypalarınıń biri bolıp tabıladı.